



Lekòl Piblik Malboro

Sèvis sante

Chè paran ak responsab,

Nou konnen Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te kite zafè egzijans izolasyon senk jou pou yon tès COVID-19 ki pozitif. Mwen ta renmen pwofite okazyon sa a pou m enfòm nou nan Masatchousets direktiv sa yo toujou anvigè dapre Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) ak Depatman Sante Piblik pou Sèvis Sante Lekòl nan Masatchousets:

Timoun ak anplwaye ki teste pozitif dwe rete ann izòlman pou omwen 5 jou. Si yo san sentòm oswa si sentòm yo disparèt epi yo pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san yo pa pran medikaman pou diminye fyèv la, yo ka retounen nan orè travay la apre 5yèm jou a epi yo dwe mete yon bonjan kalite mask jiska 10yèm jou a:

- Si moun nan kapab mete kachnen, li dwe fè sa jiska 10yèm jou a.
- Si moun nan teste negatif nan 5yèm jou a oswa apre, yo pa bezwen mete kachnen.
- Si moun nan pa ka pote mask, li ka retounen nan orè travay la ak yon tès negatif nan 5yèm jou a oswa apre.

Tanpri gade [Massachusetts COVID-19 Isolation and Exposure Guidance for Children and Staff in Child Care, K-12, Out-of-School Time \(OST\) and Recreational Camp/Program Settings.](#)

N ap kenbe w enfòm sou nenpòt mizajou konsènan direktiv anrapò ak COVID-19 la nan Masatchousets.

Sensèman,

Christine Harrington, M.Ed., BSN, RN
Sipèvizè sèvis sante
25 Union Street
Marlborough, MA 01752

Politik Lekòl Piblik Malboro yo se pa fè diskriminasyon kont ras, sèks, relijyon, orijin nasyonal, koulè, sanzabri, oryantasyon seksyèl, laj oswa andikap nan pwogram edikasyon l, sèvis, aktivite oswa pratik travay li yo.

Lekòl Piblik Malboro • Sant Edikasyon Distri a • 25 Union Street • Marlborough, MA 01752 • www.mps-edu.org